

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data nu aya dina bab IV, bisa kapanggih yén masih kénéh aya kasalahan siswa kelas X SMA Laboratorium Percontohan UPI dina nulis naskah biantara. Éta kasalahan téh ngawengku (1) eusi, (2) diksi, (3) gaya basa, jeung (4) stuktur kalimah.

Sabada ngayakeun panalungtikan bisa dicindekeun yén siswa SMA Laboratorium Percontohan UPI Bandung rata-rata mampuh nulis naskah biantara. Sabada ngolah data bisa kapaluruh tina 21 siswa, 12 siswa dianggap geus mampuh nulis naskah biantara sésana 9 siswa nu dianggap can mampuh nulis naskah biantara. Lamun dipersenkeun nya éta 57,14% siswa nu geus mampuh nulis naskah biantara, 42,86% siswa nu dianggap can mampuh nulis naskah biantara.

Dumasar kana kritéria anu dipeunteun nya éta eusi, diksi, gaya basa, struktur kalimah, sarta karapihan tulisan. (1) tina jumlah 21 siswa. Kamampuh eusi naskah biantara nu dijieun ku siswa kapaluruh hasil 32,72%. Kusabab masih aya sababaraha siswa nu dianggap kurang mampuh nétélakeun gagasan. (2) sabada dianalisis diksi nu dipaké ku siswa kapaluruh hasil 17,58%. Hal ieu disababkeun masih kénéh loba kasalahan diksi nu dipaké ku siswa. (3) gaya basa kapaluruh hasil 23,26% ku sabab masih loba siswa nu ngalarapkeun gaya basana kurang merenah atawa teu ngalarapkeun pisan gaya basa dina biantarana. (4) sabada nganalisis struktur kalimah kapaluruh hasil 16,69%. masih aya kénéh

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sababaraha struktur kalimah anu kurang merenah dina naskah biantara nu di jieun ku siswa. (5) karapihan tulisanna kapaluruh hasil 9,75% kusabab loba siswa nu tulisanna sakahayang teu bisa kabaca ku batur.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan sarta tina pangalaman sacara langsung nganalisis naskah binatara siswa kelas X SMA Laboratorium Percontohan UPI, panulis baris nepikeun saran-saran sangkan kamampuh nulis naskah biantara siswa bisa ngarojong, saperti anu disebutkeun dihandap ieu.

- 1) Dina milih media pangajaran guru kudu bisa milih media anu cocok, anu dipikaresep ku siswa sangkan dina nepikeun pangajaran, daya imajinasi siswa dina neangan ide jeung kecap-kecap anu éféktif bisa kapanggih, satra dina ngembangkeun ide jeung pamikiran siswa leuwih kréatif.
- 2) Aspék anu kurang dina nyumponan wangun diksi sarta struktur kalimah. Ku kituna, guru dipiharep bisa leuwih ningkatkeun éta aspék, sangkan pangaweruh ngeunaan aturan dina nulis bisa dipikaharti ku siswa.
- 3) Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan informasi ngeunaan nulis sarta dipiharep bisa jadi bahan pangajaran nulis naskah biantara, pikeun siswa SMA.

Salian éta, ieu panalungtikan téh dipangaruhan ku kasang tukang budaya jeung kulawarga. Ku sabab kulawarga mibanda peran penting dina ngawanohkeun basa indung ka barudakna.



Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu